


BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan nyaéta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikanna (Arikunto, 2013, kc. 203). Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Metode déskriptif mangrupa panalungtikan anu dimaksud pikeun nalungtik kaayaan, kondisi, atawa hal-hal séjén anu geus disebutkeun, anu hasilna ditulis dina wangun laporan (Arikunto, 2013, kc. 3). Dina métode déskriptif aya pamarekan kualitatif jeung pamarekan kuantitatif. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun metode deskripsif kalawan pamarekan kualitatif. Moleong (2015, kc. 6) nétélakeun yén pamarekan kualitatif mangrupa pamarekan pikeun maham penoména ngeunaan naon anu dialaman ku subjék panalungtikan, misal paripolah, persépsi, motivasi, tindakan, jsb. Sacara holistik ku cara déskripsi dina wangun kekecapan anu alamiah jeung ngamangpaatkeun métode ilmiah. Bogdan jeung Taylor (dina Basrowi jeung Suwandi, 2008, kc. 22) pamarekan kualitatif dipiharep mampu ngahasilkeun hiji pedaran anu teleb ngeunaan omongan, tulisan, jeung paripolah anu bisa dititénan ti hiji individu, kelompok, masarakat, jeung hiji organisasi dina setting konteks anu tangtu anu dikaji tina puseur impleng sagemblengna, komprehensif, jeung holistik. Dumasar kana pedaran anu dijéntrékeun, hal anu didéskripsikeun dina ieu panalungtikan téh nya éta eusi carita novél *Dén Angor jeung Putri Monyét*. Éta eusi carita téh baris dianalisis dumasar kana struktur carita jeung ajén atikan karakter nu nyangkaruk dina novél *Dén Angor jeung Putri Monyét*. Aya sababaraha hal anu kudu dititétan dina métode panalungtikan.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa rarancang panalungtikan anu bakal dilaksanakeun ku panalungtik (Arikunto, 2013, kc. 90). Prosés lumangsungna panalungtikan bisa digambarkeun dina ieu desain panalungtikan.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta sagemblengna eusi carita dina novél *Dén Angor jeung Putri Monyét* karangan Dadan Sutisna. Ari sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék anu bisa digunakeun pikeun nyangking data (Arikunto, 2013, kc. 172). Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta novél *Dén Angor jeung Putri Monyét*.

3.2.1 Idéntitas Novél


Sangkan leuwih apal kana sumber data dina ieu panalungtikan, ku kituna bakal dipedar ngeunaan idéntitas novél nu ngawengku sababaraha hal.

Tanti Astoriny, 2019

**STRUKTUR JEUNG AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA NOVÉL DÉN ANGOR JEUNG PUTRI MONYÉT
PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI NOVÉL DI SMP**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Judul: *Dén Angor jeung Putri Monyét*
 Pangarang: Dadan Sutisna
 Medal: Citakan kahiji, Désémber 2017
 Wedalan: PT. Dunia Pustaka Jaya
 Kandel Buku: 104 kaca
 Ukuran Buku: 20,9 cm x 14,7 cm



Gambar 3.1 Jilid Novél

Jilid novél *Dén Angor jeung Putri Monyét* dirancang ku Ayi Sacadipura. Dina jilidna aya gambar budak lalaki nu maké baju konéng jeung budak awéwé nu maké baju kayas, sarta aya manuk gagak jeung monyét nu maké baju loréng siga tentara. Ari latar tempatna kacirina mah aya di tempat anu harénghéng euweuh tatangkalan. Di jero novélna ogé aya opat *sketsa* gambar meunang Ayi Sacadipura. Eusi ieu novél ngawengku dalapan épisode carita. Dina ieu novél ogé aya kamus carita barudak dina wangun gambar kodeu, nu fungsina pikeun mantuan pamaca ngahartikeun kekecapan nu rada hésé. Perkara éta téh mangrupa salah sahiji kapunjulan ieu novél. Novél *Dén Angor jeung Putri Monyét* mangrupa novél anu gelar dina jaman modérn nya éta dina taun 2017.

3.2.2 Biografi Singget Pangarang

Dadan Sutisna lahir di Sumedang, 22 Pébruari 1978. Mimiti ngarang ti keur SMP kénéh, karya-karyana dimuat dina kalawarta Kudjang. Réréana mah nulis carpon, tapi kungsi deuih nulis novél, drama Sunda, feature jeung artikel nu kungsi dimuat dina *Manglé*, *Galura*, *Cupumanik*, *Pikiran Rakyat*, *Kompas*, *Républika*, jeung saterusna.

Karangannana geus réa nu dilélér hadiah. Sababaraha kali meunang Hadiah Sastra LBSS, Hadiah D.K. Ardiwinata, Hadiah Jurnalistik Moh. Koerdi, Carpon Pinilih Manglé, jeung sawatara hadiah tina rupa-rupa pasanggiri. Taun 2002 jeung 2004 dilélér Hadiah Samsoedi ti Yayasan Kebudayaan Rancagé pikeun buku bacaan barudak *Nu Ngageugeuh Legok Kiara* (2001) jeung *Misteri Haur Geulis* (2003). Ti taun 2002, aktif dina organisasi Paguyuban Panglawungan Sastra Sunda.

Tanti Astoriny, 2019

STRUKTUR JEUNG AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA NOVÉL DÉN ANGOR JEUNG PUTRI MONYÉT PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI NOVÉL DI SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Taun 2008, Dadan milu jadi tim nu marajian gelarna Unicode Aksara Sunda, minangka tarékah pikeun maténkeun éksisténsi aksara Sunda di tingkat internasional, nepi ka aksara Sunda jadi salah sahiji aksara standar nu bisa dipaké dina komputer jeung dunya téknologi informasi.

Sasalian ti ti nulis karya sastra Sunda, Dadan ogé nulis buku-buku komputer. Nu geus medal di antarana *7 Langkah Mudah Menjadi Webmaster* (2007), *Belajar Mudah Menggunakan Internet* (2007), *Jurus Profesional Membangun Aplikasi Web* (2010), jeung *Internet untuk Pendidikan* (2010), (<https://su.wikipedia.org>).

3.3 Téhnik Panalungtikan

Pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, aya dua hal anu digunakeun, nya éta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik dibutuhkeun pikeun ngababarikeun panalungtik dina ngumpulkeun data. Dina ieu panalungtikan téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nya éta studi pustaka. Téhnik studi pustaka dilaksanakeun ku cara nalaah buku sumber nu aya pakuat-pakaitna jeung konsép tioritis sarta bahasan pasualan (Arikunto, 2013, kc. 85). Ku kituna, pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, panalungtik maca sumber data nya éta novél *Dén Angor jeung Putri Monyét*, kalayan udagan pikeun meunangkeun data anu dibutuhkeun. Aya sababaraha léngkah dina ngumpulkeun data, nya éta:

- 1) néangan novél (objék panalungtikan) anu cocog pikeun dijadikeun bahan pangajaran di SMP;
- 2) maca buku sumber utama pikeun meunangkeun data, nya éta novél *Dén Angor jeung Putri Monyét*;
- 3) nyirian data-data anu patali jeung struktur carita (téma, fakta carita, sarana sastra) dina novél *Dén Angor jeung Putri Monyét*;
- 4) nyirian data-data anu patali jeung ajén atikan karakter dina novél *Dén Angor jeung Putri Monyét*;

Tanti Astoriny, 2019

**STRUKTUR JEUNG AJÉN ATIKAAN KARAKTER DINA NOVEL DÉN ANGOR JEUNG PUTRI MONYÉT
PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI NOVEL DI SMP**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 5) data-data anu geus dicirian dina novél *Dén Angor jeung Putri Monyét* tuluy dipindahkeun kana tabél ngumpulkeun data.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Sanggeus datana kakumpul, léngkah anu satuluyna nya éta ngolah data. Moleong (2015, kc. 280), téhnik ngolah data atawa analisis data nyaéta prosés ngaorganisasikeun jeung ngurutkeun data kana hiji pola, katégori, jeung pedaran dasar. Arikunto (2013, kc. 281), téhnik ngolah data nyaéta hasil analisis data anu dihontal ku cara ngagunakeun rumus-rumus atawa aturan anu luyu jeung pamarekan atawa *desain* panalungtikan anu digunakeun. Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan maké téhnik analisis. Ieu téhnik digunakeun pikeun nganalisis struktur carita jeung ajén atikan karakter dina novél *Dén Angor jeung Putri Monyét*, sarta nganalisis kritéria milih bahan pangajaran. Léngkah-léngkah nu dipilampah dina ngolah data, nya éta:

- (1) niténan deui data anu geus dikumpulkeun dina tabél ngumpulkeun data;
- (2) mindahkeun data kana kartu data;
- (3) nganalisis data struktur carita jeung ajén atikan karakter dina novél *Dén Angor jeung Putri Monyét* dina kartu data;
- (4) ngadésripsikeun data struktur carita jeung ajén atikan karakter dina novél *Dén Angor jeung Putri Monyét* anu geus dianalisis;
- (5) napsirkeun jeung méré interprétasi kana data struktur carita jeung ajén atikan karakter dina novél *Dén Angor jeung Putri Monyét*;
- (6) nganalisis hasil analisis struktur carita jeung ajén atikan karakter dina novél *Dén Angor jeung Putri Monyét* anu dijadikeun alternatif bahan pangajaran;
- (7) napsirkeun jeung méré interprétasi hasil analisis kana bahan pangajaran;
- (8) nyusun alternatif bahan pangajaran ngeunaan novél *Dén Angor jeung Putri Monyét* (nyieun pituduh maca novél, nyalin sempalan novél, nyieun matéri unsur intrinsik, nyieun instrumén evaluasi nu mangrupa soal pilihan ganda jeung essay);
- (9) nyieun pedaran tina hasil analisis;
- (10) nyieun kacindekan.

Tanti Astoriny, 2019

**STRUKTUR JEUNG AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA NOVÉL DÉN ANGOR JEUNG PUTRI MONYÉT
PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI NOVÉL DI SMP**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa alat anu dipaké dina waktu panalungtikan anu ngagunakeun hiji métode (Arikunto, 2013, kaca. 192). Tujuanna sangkan panalungtik leuwih leuwih babari dina ngolah datana. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nya éta instrumén panalungtikan dina ngumpulkeun data jeung instrumén panalungtikan dina ngolah data. Instrumén dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun nganalisis struktur carita jeung ajén atikan karakter dina novél *Dén Angor jeung Putri Monyét* karangan Dadan Sutisna anu hasilna dilarapkeun jadi pangajaran aprésiasi sastra di kelas IX SMP.

3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Instrumén anu digunakeun dina ngumpulkeun data mangrupa tabel data. Tabél digunakeun pikeun ngawadahan data anu kapaluruh dina sumber data. Dina tabél data, data dikumpulkeun kalayan nyusun sarta diwilah-wilah. Tujuanna sangkan ngababarikeun panalungtik dina prak-prakanna ngolah data, ku lantaran datana geus ngumpul dina tabél. Ari data anu dikumpulkeun dina ieu tabél data nya éta data struktur carita nu ngawengku téma, fakta carita (galur, karakter/palaku, latar), sarana sastra (judul, puseur implengan, gaya), jeung ajén atikan karakter. Satuluyna mangrupa gambaran sababaraha tabél data anu digunakeun salaku instrumén ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan.

Tabél 3. 1
Data Téma

No.	Masalah nu patali jeung Téma	Cutatan	Kode Data

Tabél 3. 2
Data Galur

No.	Épisode	Wincikan Carita

Tanti Astoriny, 2019

**STRUKTUR JEUNG AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA NOVÉL DÉN ANGOR JEUNG PUTRI MONYÉT
PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI NOVÉL DI SMP**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tabél 3. 3
Data Palaku jeung Watek

No.	Ngaran Palaku	Sifat	Pro/Kontra	Cutatan	Kode Data
(Palaku Utama)					
(Palaku Tambahan)					

Tabél 3. 4
Data Latar Carita

No.	Latar	Cutatan	Kode Data
(Tempat)			
(Waktu)			
(Sosial Budaya)			

Tabél 3. 5
Data Judul

No.	Judul	Cutatan	Kode Data

Tabél 3. 6
Data Puseur Implengan

No.	Puseur Implengan	Cutatan	Kode Data

Tabél 3. 7
Data Gaya Basa

No.	Gaya Basa	Cutatan	Kode Data	Wanda Gaya Basa

Tabél 3. 8
Data Ajén Atikan Karakter

No.	Paripolah	Ajén Atikan Karakter	Cutatan	Kode Data

Tanti Astoriny, 2019

**STRUKTUR JEUNG AJÉN ATIKA KARAKTER DINA NOVÉL DÉN ANGOR JEUNG PUTRI MONYÉT
PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI NOVÉL DI SMP**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.4.2 Instrumén Ngolah Data

Instrumén anu digunakeun dina ngolah data nya éta instrumén kartu data. Kartu data digunakeun pikeun ngolah data anu geus dikumpulkeun dina tabél data ku cara nganalisis éta data. Data anu dianalisis nya éta data struktur carita nu ngawengku téma, fakta carita (galur, karakter/palaku, latar), sarana sastra (judul, puseur implengan, gaya), jeung ajén atikan karakter dina novél *Dén Angor jeung Putri Monyét*. Hasil analisisna, tuluy dilarapkeun pikeun alternatif alternatif bahan pangajaran aprésiasi novél di SMP. Dina ngalarapkeun pikeun bahan ajar, ieu panalungtikan ngagunakeun instrumén tabél céklis. Satuluyna aya gambaran kartu data anu dijadikeun instrumén dina ieu panalungtikan.

1. Masalah anu patali jeung téma:
2. Cutatan:
3. Analisis:
4. Téma:

Gambar 3.2 Kartu Analisis Téma

1. Bagian/épisode:
2. Wincikan Carita:
3. Analisis:
4. Galur:

Gambar 3.3 Kartu Analisis Galur

1. Ngaran Palaku:
2. Cutatan:
3. Sifat:
4. Analisis:
5. Jenis Palaku:

Gambar 3.4 Kartu Analisis Palaku jeung Watek

1. Jenis Latar:
2. Cutatan:
3. Analisis:

Gambar 3.5 Kartu Analisis Latar Carita

1. Cutatan:
2. Analisis:
3. Judul:

Gambar 3.6 Kartu Analisis Judul

1. Cutatan:
2. Analisis:
3. Puseur implengan:

Gambar 3.7 Kartu Analisis Puseur Implengan

1. Gaya Basa:
2. Cutatan:
3. Analisis:
4. Wanda Gaya Basa:

Gambar 3.8 Kartu Analisis Gaya Basa

1. Paripolah:
2. Cutatan:
3. Analisis:
4. Ajén Atikan Karakter:

Gambar 3.9 Kartu Analisis Ajén Atikan Karakter

Tabél 3. 9
Analisis Bahan Ajar

No.	Aspék anu kudu diperhatikeun	Analisis	Novél <i>Dén Angor jeung Putri Monyét</i>	
			Luyu	Teu Luyu
1.	Basa			
2.	Psikologi			
3.	Kasang Tukang Budaya			

Conto Analisis Srtruktur Carita dina Novél *Dén Angor Jeung Putri Monyét*

1. Masalah anu patali jeung téma: Kabutuhan Pangan Ngabalukarkeun Sarmin jadi Tukang Dogér Monyét 2. Cutatan: “Beu, ari nanya téh. Lain kitu, ieu mah bakating kapaksa. Emang teu boga deui pagawéan séjén. Tibatan kalaparan. Nya kapaksa baramaén.” (DAPM/KC37/P14-15) 3. Analisis: Dumasar kana pedaran, masalah anu paling nyindekel nya éta héséna nyumponan kabutuh pangan keur sapopoé. Ieu téh mangrupa masalah ekonomi, nya éta dibalukarkeun ku héséna pagawéan. 4. Téma: Héséna pagawéan ngabalukarkeun hiji bapa usaha ngandelkeun monyét pikeun méré kahirupan keur kulawargana.

Gambar 3.10 Conto Analisis Struktur Carita

Keterangan Kode Data:

DAPM: *Dén Angor jeung Putri Monyét*

KC37: Kaca 37

P14-15: Paragraf 14 nepi ka 15

Tanti Astoriny, 2019

**STRUKTUR JEUNG AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA NOVÉL DÉN ANGOR JEUNG PUTRI MONYÉT
PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI NOVÉL DI SMP**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu